



Pou Piblikasyon Imedya: 07/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA FINANSMAN KI DISPONIB NAN FAZ TWA KONPETISYON BILDING EKSELANS 40 MILYON DOLA A**

***Konpetisyon an fè konstriksyon pou plizyè fanmi ki net an kabòn yo avanse nan Eta New York ak sipò konsepsyon nan faz kòmansman pou ekip konseptè ak devlopè yo***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen 10 milyon dola finansman ki disponib kounye a pou Faz Twa Konpetisyon Konsepsyon Bilding Ekselans 40 milyon dola a, ki vize livre bilding pou plizyè fanmi ki net an kabòn pou Eta New York. Faz Twa a ajoute yon nouvo eleman nan konpetisyon an, finansman sipò nan stad kòmansman pou ekip konseptè ak devlopè yo pou asire yo entegre solisyon ki pi rantab nan pwojè yo soti nan kòmansman rive nan konstriksyon bilding pou plizyè fanmi ki pi sen epi ki gen plis konfò. Konpetisyon inik sa fè nouvel objektif Gouvènè Hochul la pou reyalize de milyon kay ki ekolojik vè 2030 epi sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) lidè nan peyi a pou diminye emisyon gaz efè sè yo a 85 pousan disi 2050 nan wout nou pou yon estòk imèb ki net an kabòn.

"New York ap montre wout la pou livre lojman ki pwòp, ki sekirize epi nan pri abòdab pou jenerasyon alavni yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou sipòte nouvo konstriksyon ki ekolojik sa transfòme jan sektè konstriksyon an idantifye solisyon klima yo epi ede nou livre rezilta ki tanjib pandan n ap fè tranzisyon vè yon ekonomi enèji pwòp epi abòde enpak chanjman klimatik nou an k ap ogmante a."

Konpetisyon Bilding Ekselans lan se Otorite Rechèch ak Devlopman sou Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki administre li, epi ak anons jodi a, yo aksepte pwopozisyon pwojè konsepsyon nan stad kòmansman ki antre fonksyon ki net an kabòn nan faz anvan chema ak faz chema yo, ak konstriksyon ak achèyman bilding pou plizyè fanmi egzanplè ki net an kabòn. Pou sipòte objektif Lwa sou Klima a pou asire ke omwen 35 pousan nan yon objektif 40 pousan benefis investisman nan enèji pwòp yo sipòte kominote ki defavorize yo,

omwen mwaye nan finansman atravè Faz Twa Konkou a sible pou pwojè ki sipòte rezidan ki gen revni mwayen ak revni ki fèv yo.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "NYSERDA kontan pou lanse twazyèm faz Konpetisyon Biding Ekselans lan pou sipòte objektif Gouvènè Hochul la pou reyalize de milyon kay ki respekte klima vè 2030. Pwogram sa se premye pwogram konsa nan peyi a, k ap ankouraje pwojè ki inovan, ki wè pi lwen ki fè konstriksyon ki net an kabòn ki ka repwodui yo pwogrese ki bay espas pou viv ak pou travay ki sen pou tout Nouyòkè."

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Revitalizasyon kominote a, chanjman klimatik ak lojman nan pri abòdab ak travay men nan lamèn pou kreye kominote ki dirab epi ki ekitab epi Depatman Deta a (Department of State), atravè pwogram revitalizasyon li a, fyè pou travay pou yon Eta New York ki pi rezistan lè li sipòte nouvo konstriksyon bilding ki net an kabòn pou yon anviwònman ki sen epi ki ekolojik. Nou travay depre ak konpetisyon Biding Ekselans lan pou sipòte solisyon klimatik ki nesesè pou kreye byen kominote ki valab pou jenerasyon k ap vini yo."

Konpetisyon Biding Ekselans lan ki te lanse an 2019, ap bay motivasyon finansye ak rekonesans pou konsepsyon, konstriksyon, ak operasyon bilding ki solid, ki respekte klima ki se espas ki sen epi ki ekolojik ki ofri revni ak depans yo ka prevwa. Ak sipò ekspè nan sektè yo, Konpetisyon an pote revolasyon nan nouvo konstriksyon ak retilizasyon ki ka adapte nan lojman pou plizyè fanmi ak espas kom↕syal lè li montre ke bilding ki net an kabòn yo ka konstui nan fason ki rantab pa rapò ak kay ki alimante pa konbistib fosil yo.

Y ap aksepte pwopozisyon yo jiska madi 12 jiyè 2022 a 3:00 p.m. pou eleman konsepsyon an ak jiska jedi 14 jiyè 2022 a 3:00 p.m. pou demonstrasyon pwojè yo. Pou plis enfòmasyon sou opòtinite finansman sa, tanpri vizite [sitwèb](#) NYSERDA a.

**Chèf Misyon Fondasyon pou Opresyon ak Alèji Amerik la (Asthma and Allergy Foundation of America), Melanie Carver, te deklare,** "Fondasyon Opresyon ak Alèji Amerik la (Asthma and Allergy Foundation of America, AAFA) rekonesan pou travay New York ap fè pou rann kay yo pi sen epi pi sekirize pou moun ki afekte pa opresyon ak alèji yo, k ap amelyore anviwònman andedan yo epi retire aparèy ki degaje emisyon yo nan kay yo. Lè nou mete kay ki pi sen disponib, sa ap amelyore lavi fanmi yo nan Eta New York epi mwen espere amelyore rezilta sante yo pou kominote yo ki afekte nan fason ki pa pwopòsyonèl pa opresyon ak alèji."

**Vis Prezidan Egzekitif AIA Eta New York, Georgi Ann Bailey, te deklare,** "Li enpòtan anpil pou yo bay achitèk yo yon syèj sou tab la ou diskisyon konsènan aksyon klimatik. Mwen bat bravo pou NYSERDA pou kreyasyon konpetisyon inik epi ki gen siksè ki retanti ki bay achitèk yo opòtinite pou aplike kapasite ak ekspètiz pou rezoud pwoblèm yo vè solisyon ki bay yon pi bon plas pou tout moun viv pandan y ap prezève anviwònman an."

**Direktè Egzekitif, Lig Achitekti New York la (Architecture League of New York), Rosalie Genevro, te deklare,** "Pwogram Bilding Ekselans NYSERDA a ap ede ouvri wout la vè fiti kay ki rezistan, ki net an kabòn ak kay ki fèb an kabòn New York yo. Lig Achitekti a fyè pou travay ak NYSERDA pou fè kalite konsepsyon jeneral--ki enkli koneksyon entegrak ak sit bilding yo, koneksyon solid ak resous kominotè ak transpò piblik, ak yon aksan ki solid sou sante, konfò, ak plezi bote —yon pati ki esansyèl nan evalyasyon pwojè Bilding Ekselans yo".

**Direktè Egzekitif Building Energy Exchange lan, Richard Yancey, te deklare,** "Konpetisyon Bilding Ekselans lan ap trase wout pou yon avni ki sen, ki nan pri abòdab, epi ki net an kabòn pou tout Nouyòkè, depi sib anbisyè ki fikse nan Lwa sou Klima ak inisyativ Kay ki Respekte Klima Gouvènè Hochul yo reyalizab epi enpòtan sou plan vital. Building Energy Exchange kontan pou jwe yon wòl aktif nan twazyèm faz konpetisyon an, nan fè limyè sou pwojè ki benefisyè yo, pibliye leson kle nou tire yo, epi konekte pati konsène nan sektè konstriksyon an a solisyon ki gen enpak, ki solid sou plan finansye sa yo."

**Fondatè Passive House Accelerator, Michael Ingui te deklare,** "Pri pou moun ki te genyen Faz En ak Faz De Konkou Bilding Ekselans yo se vrèman bilding ki egzantplè. Nou te prezante ekip konsepsyon ak enjenyeri ki enplike nan pwogram NYSERDA yo kòm envite anpil fwa nan pwogram nou yo, ki bay kominote Passive House Accelerator a konsèy ki valab epi k ap ede fè kominote konsepsyon ak konstriksyon an pwogrese vè yon avni ki net an kabòn. Bilding "prèv konsèp" mond reyèl ke pwogram Bilding Ekselans lan sipòte epi fè pwogrese yo ap akselere dekarbonizasyon imèb nan New York ak lòt kote."

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare,** "Pandan n ap kontinye fè aksè nan lojman enèji pwòp yon priyorite pou tout Nouyòkè li enpòtan ke nou enkli pati ki konsène yo sou tout ang, ki enkli achitèk yo. Mwen bat bravo pou NYSERDA dèske li travay ak dilijans pou bay mwayen ki inovan pou angaje pati ki konsène yo. Konpetisyon Bilding Ekselans lan ap yon eleman kle nan ede nou atenn chak nan objektif enèji pwòp nou yo."

**Manm Asanble a Michael Cusick te deklare,** "Konpetisyon Bilding Ekselans lan te yon bon zouti pou diminye emisyon imèb nou yo. Twazyèm faz konpetisyon sa ap apiye siksè pwogram sa epi fè pwomosyon pou dekarbonizasyon kontini nan enfrastrikti imèb eta nou an ki rete yon eleman krisyal nan reyalizasyon objektif pou diminye emisyon yo nan tout eta nou an."

**Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare,** "Pou atenn objektif pou kreye epi prezève lojman ki ba an kabòn, ki ekolojik nan pri ki abòdab nan kominote atravè eta a, sa mande patisipasyon devlopè ak achitèk ki angaje pou jwenn solisyon ki inovan epi ki rantab. Mwen pa ka tann pou wè kisa Faz 3 konpetisyon sa ap pwodui, epi mwen kontan espesyalman ke omwen mwatye finansman nan faz sa ap sible pwojè ki sipòte rezidan ki gen revni ki fèb ak revni mwayen nan Eta nou an."

Konpetisyon Bilding Ekselans lan bay priyorite nan lojman ak aksè nan enèji, ekite ak sèvis nan kominote ki defavorize ak revitalizasyon anba lavil yo. Yo te bay prim a plis pase karant nouvo konstriksyon egzemplè ak pwojè retilizasyon ki ka adapte nan premye faz konpetisyon an - epi plis pase de tyè nan nouvo bilding konstriksyon wot pèfòmans yo sèvi mache lojman nan pri ki abòdab. Anplis, yo te pataje done yo te reyini nan men benefisyè ki pase yo ak desidè politik yo, ki enkli Konsèy Aksyon Klimatik la (Climate Action Council), ak Konsèy Vil NY la (NYC Council), pou ede enfòme priz desizyon yo epi demontre ke konstriksyon ki net an kabòn lan fezab sou plan teknik ak finansye.

Bilding yo se pi gwo sous emisyon gaz a efè sè yo nan Eta New York, ki responsab pou 43 pousan emisyon anyèl yo nan tout eta a. Entegre mezi sou efikasite enèji ak elektrifikasyon nan bilding ki nouvo ak ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi dirab, sen ak konfòtab pou sipòte objektif anbisye eta a pou genyen 2 milyon kay ki adapte pou klima disi 2030. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo pou atenn objektif dekarbonizasyon Eta a. Nan amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon ak kabòn nan epi avanse nan objektif pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya Btus (Inite Tèmik Britanik) disi lane 2025, sa ki se ekivalan ak kouran pou 1.8 milyon kay. Efikasite enèjetik konte pou 75 pousan travay ki gen nan sektè enèji pwòp la nan New York.

Finansman pou pwogram sa se atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) 6 milya dola eta a epi li fè pati investisman plis pase 150 milyon dola NYSERDA nan investisman nan nouvo konstriksyon ak pwojè restorasyon konplè nan bilding miltifanilyal sektè imobilye ki gen ladan to mache a ak revni fèv rive nan modere. W ap jwenn plis enfòmasyon sou konpetisyon an ak sou finansman atravè li an disponib sou [sitwèb NYSERDA](#).

### **Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmasyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York

pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman nan enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)